



Mizajou

Endèks

Enfòmasyon pou moun ki ap travay	1
Enfòmasyon pou moun ki resevwa benefis Sekirite Sosyal	2
Enfòmasyon pou moun ki resevwa Supplemental Security Income (SSI) Revni Sekirite Siplemantè	3
Enfòmasyon pou moun ki sou Medicare	4

Mizajou sa a bay enfòmasyon sou taks Social Security, avantaj, ak depans pou 2025. Dapre lalwa, sèten chif chanje otomatikman chak ane pou swiv evolisyon pri yo ak salè yo.

Enfòmasyon pou moun k ap travay

Taks Social Security ak Medicare

Taks Social Security ki peye pa yon anplwaye / patwon (chak):

- An 2024 to a te 6.2% sou revni ki rive jiska \$168,600
- An 2025 to se 6.2 % sou revni ki rive jiska \$1176,100

Taks Social Security ki peye pa moun k ap travay ak tèt yo:

- An 2024 to a te 12.4%* sou revni ki rive jiska \$168,600
- An 2025 to a se 12.4%* sou revni ki rive jiska \$176,100

Taks Medicare ki peye pa yon anplwaye / patwon (chak):

- An 2024 to a te 1.45% sou tout revni
- An 2025 to a se 1.45 % sou tout revni

Taks Medicare ki peye pa moun k ap travay ak tèt yo:

- An 2024 to a te 2.9%* sou tout revni yo
- An 2025 to a se 2.9%* sou tout revni yo

**Kapab konpanse pa pwovizyon pou enpo sou revni*

Kredi travay

Lè ou travay, ou gen kredi pou avantaj Social Security. Kantite kredi ou bezwen pou elijib pou avantaj sekirite sosyal depann de laj ou ak tip avantaj ou ap aplike pou li a. Ou ka genyen yon maksimòm 4 kredi chak ane. Piò moun bezwen 40 kredi pou yo elijib pou avantaj retrèt.

- An 2024, \$1,730 te genyen yon kredi
- An 2025, \$1,810 genyen yon kredi

Enfòmasyon pou moun ki resevwa avantaj Social Security

Limit revni

Dapre lalwa federal, moun ki resevwa avantaj Social Security e ki pa atenn laj retrèt konplè, gen dwa pou resevwa tout avantaj yo toutotan avantaj yo anba limit ki endike anba a. Pou moun ki fèt ant 1943 ak 1954, laj retrèt konplè a se 66 ane. Laj retrèt konplè a ogmante gradyèlman chak ane jiskaske li atenn laj 67 ane pou moun ki te fèt an 1960 oswa apre.

- Si ou gen laj retrèt konplè oswa plis, an 2024, pa te gen limit sou revni.

Si ou anba laj retrèt konplè a, nou kenbe \$1 sou avantaj yo pou chak \$2 ki depase limit la.

- An 2024 limit revni yo te \$22,320
- An 2025 limit revni yo se \$23,400

Nan ane ou atenn laj retrèt konplè a, nou kenbe \$1 sou avantaj yo pou chak \$3 ki depase limit la.

- An 2024 limit revni yo te \$59,520
- An 2025 limit revni yo se \$62,160

Limit revni benefisyè avantaj pou andikap: Si w ap travay pandan w ap resevwa avantaj pou andikap, ou dwe pale nou de revni ou, menm si yo piti. Ou ka gen revni ililimite pandan yon peryòd travay alesè jiska 9 mwa (pa nesesèman youn apre lòt) epi ou toujou resevwa tout avantaj yo. Yon fwa ou konplete peryòd travay alesè 9 mwa a, nou pral detèmine si ou toujou gen dwa a avantaj pou andikap. Ou ka elijib tou pou lòt motivasyon travay pou ede ou retounen nan travay la.

Limit revni pou Aktivite Likratif Sibstansyèl pou moun ki pa avèg ki benefisyè avantaj andikap:

- An 2024 limit revni yo te \$1,550 pa mwa
- An 2025 limit revni yo se \$1,620 pa mwa

Limit revni pou Aktivite Likratif Sibstansyèl pou moun avèg ki benefisyè avantaj andikap:

- An 2024 limit revni yo te \$2,590 pa mwa
- An 2025 limit revni yo se \$2,700 pa mwa

Limit pou benefisyè avantaj pou andikap ki patisipe nan yon Peryòd Travay Alesè:

- An 2024 limit revni yo te \$1,110 pa mwa
- An 2025 limit revni yo se \$1,160 pa mwa

Enfòmasyon pou moun ki resevwa yon Supplemental Security Income (Revni Sekirite Konplemantè) (SSI, akwonim anglè)

Peman SSI federal chak mwa (maksimòm)

Peman SS federal maksimòm chak mwa pou yon moun:

- An 2024 te \$943
- An 2025 se \$967

Peman SSI federal maksimòm chak mwa pou yon koup:

- An 2024 te \$1,415
- An 2025 se \$1,450

Limit revni chak mwa

Limit revni chak mwa pou moun revni yo soti sèlman nan salè pa èdtan / jou / semèn:

- An 2024 te \$1,971
- An 2025 se \$2,019

Limit revni pa mwa pou moun revni yo pa soti nan salè pa èdtan / jou / semèn:

- An 2024 te \$963
- An 2025 se \$987

Limit revni pa mwa pou koup revni yo soti sèlman nan salè pa èdtan / jou / semèn:

- An 2024 te \$2,915
- An 2025 se \$2,985

Limit revni pa mwa pou koup revni li pa soti nan salè pa èdtan / jou / semèn:

- An 2024 te \$1,435
- An 2025 se \$1,470

REMAK: Si ou gen revni, avantaj ou pa mwa jeneralman pral pi ba pase peman SSI federal maksimòm nan. Sonje, ou dwe deklare tout revni ou ba nou. Gen kèk eta ki ajoute lajan sou peman SSI federal la. Si ou ap viv nan youn nan eta sa yo, ou ka elijib pou yon peman ki pi wo. Revni ou ka plis pase limit ki endike yo epi ou ka toujou elijib.

Enfòmasyon pou moun ki sou Medicare

Asirans Lopital (Pati A)

Premium Buy-In Pati A: Montan prim ou peye pou achte Pati A Medicare la depann de kantite kredi Social Security ou genyen. Si ou genyen:

- 40 kredi montan premium buy-in Pati A an 2024 te \$0
- 40 kredi montan premium buy-in Pati A an 2025 se \$0

- 30-39 kredi montan premium buy-in Pati A an 2024 te \$278 pa mwa
- 30-39 kredi montan premium buy-in Pati A an 2025 se \$285 pa mwa
- Mwens pase 30 kredi premium buy-in Pati A an 2024 te \$505 pa mwa
- Mwens pase 30 kredi premium buy-in Pati A an 2025 se \$518 pa mwa

Asirans Medikal (Pati A)

Prim Pati B a

- An 2024 te \$174.70 pa mwa**
- An 2025 se \$185 pa mwa**

REMAK: Si ou gen Medicare epi revni ou fèb, eta w la ka peye prim Medicare ou yo epi, nan sèten ka, franchiz ou yo ak lòt frè medikal ou peye. Kontakte ajans asistans medikal lokal ou a (Medicaid), sèvis sosyal oswa biwo byennèt ou pou plis enfòmasyon.

**Prim estanda chak mwa se \$185.00. Sèten moun ki gen pi gwo revni peye pi gwo prim.

Vizite <https://www.medicare.gov/basics/costs/medicare-costs> (sèlman an anglè) pou plis detay sou sèvis Medicare yo.



Securing today
and tomorrow

Social Security Administration

Publication No. 05-10003-HC | January 2025 (Recycle prior editions)

Mizajou

Update (Haitian-Creole)

Produced and published at U.S. taxpayer expense
Pwodui epi pibliye ak lajan taks kontribyab Ameriken yo